

Amizman ak Kat Jeyografik yo




1- Yon kat jeyografik se yon desen yon kote.
 Yon kat jeyografik montre nou ki kote nou ye. Li montre nou ki jan ou ka ale ozalantou?
 Yon kat jeyografik kapab montre nou yon kote ki piti.
 Kat jeyografik sa a montre yon chanm. Konbyen fenèt ou wè?
 Kisa ki bò kabann nan?
 Kisa ki bò pòt la?

2- Yon kat jeyografik kapab montre yon gwo kote.
 Kat jeyografik sa a montre yon vil.
 Ki diferan plas ou wè sou kat jeyografik la?
 Sou ki wout nou wè makèt la?
 Kisa ki bò kay ponpye a?
 Kijan ou ta mache sot nan lekòl la pou ale nan bibliyotèk la?


Yon kat jeyografik kapab montre yon kote pou amize w.
 Sa a se kat yon plas piblik. Senbòl yo sou kat jeyografik reprezante bagay ki reyèl.

Sou kat jeyografik sa a, Ki senbòl ki siyifi yon kote yo manje manje midi.
 Yon lejann di sa senbòl yo vle di.
 Matche senbòl nan lejann la ak sa ki



sou kat jeyografik la. Ki senbòl reprezante pou letan an?

3- Yon kat jeyografik ka montre yon kote imajinè.
 Sa a se kat



jeyografik pou jwenn yon trezò. Ki wout ou ta ka pran pou w ale chèche lò?
 Kat jeyografik sa a ta kapab ede ou anpil?

